# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 अगस्त 2024** **भोजपुरी समाचार**

पेरिस ओलंपिक में भारत बदे एगो दुरभाग्यपूर्ण घटनाक्रम में महिला पहलवान विनेश फोगाट कुछु ग्राम बेसि बजन होखे के नाते पचास किलोग्राम भार वर्ग क फ्रीस्टाइल कुस्ती क फाइनल प्रतियोगिता में अयोग्य घोसित कइ दिहल गइल हौ। भारतीय ओलंपिक संघ कहले हवे कि राति में टीम के ओरि से कइल गइल कोसिस के बावजूद आजु भिन्नही फोगाट क बजन पचास किलोग्राम से कुछु ग्राम बेसी रहल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से भारतीय पहलवान विनेश फोगाट क उत्साह बढ़वले हवें सथहीं इहो विसवास जतवले हवे कि ऊ जलदिये पहिले से मजबूत होके मैदान में वापसी करिहें। पूरा देस उनके साथ खड़ा हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने अजोध्या दौरा के दुसरे दिन श्रीराम जन्मभूमि न्यास क पूर्व अध्यक्ष ब्रह्मलीन परमहंस रामचन्द्र दास क एक्इसवां पुण्यतीथि पर उनके मुरती क अनावरण कइले। येह मौका पर अपने संबोधन में श्री योगी कहलें कि आजु दुनिया क तसवीर हम सब देखत हवे। भारत क आस–पड़ोस जलि रहल हौ। जवन समाज इतिहास के गलती से सबक नाही सीखेला ओकरे उज्जवल भविष्यों पर गरहन लागि जाला। स्नातन धरम पर आवे वाला संकट बदे फेर एकजुट होके कार कइले अउर लड़ले कर जरूरति हौ। राम मंदिर क निर्माण मंजिल नही पड़ाव हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अजोध्या धाम दौरा के दुसरे दिन्ने आजु भदरसा क्षेत्र क नाबालिग पीड़िता के मामिला के लेके निषाद समाज क प्रतिनिधि मण्डल उनसे मुलाकात कइलस। मुख्यमंत्री कहले कि पीड़िता के हर हाल में न्याय दिलावे बदे हम प्रतिबद्ध हई। पीड़िता अउर ओकरे परिवार क सुरक्षा हमरी शीर्ष प्राथमिकता हवे। मानवता के सरमसार करे वाला येह घटना के दोसी लोगिन पर कड़ेर कार्रवाई कइल जाई। करीब पनरह मिनट ले चले वाला ये बइठकी में निषाद समाज के लोगि आरोपी सपा नेता पर भइल कार्रवाई के सही ठहरउलें।

**********

प्रदेस सरकार आम जन ले बढ़िया स्वास्थय सुविधा के पहुंचावे बदे आरोग्य मेला के अगिला एक सालि ले बढ़हन पैमाना पर आयोजित कइले क निरदेस दिहले हवे। स्वास्थ्य विभाग अगस्त दुई हजार चउबीस से जुलाई दुई हजार पच्चीस ले प्रदेस के सज्जों पचहत्तर जिला में एक लाख बहत्तर हजार से बेसि आरोग्य मेला का ओयाजन करी। प्रदेस के तीन हजार से बेसि प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्रन पर हर अतवार के भिन्नही दस बजे से दोपहरिया दुई बजे ले आरोग्य मेला क आयोजन कइल जाइ। ऐह में बिसेसज्ञ डाक्टरन की ओर से स्वास्थ्य परामरस दिहल जाइ।

**********

सेना भर्ती कार्यालय वाराणसी के ओरि से चलि रहल अग्निवीर भर्ती रैली में आजु गाजीपुर जनपद खातिर जनरल ड्यूटी क दौड़ बनारस के रणबाकुरे स्टेडियम मे संपन्न भइल। आजु बुलावल गइल एक हजार चारि सौ बयासी अभ्यिर्थियन में से एक हजार दुई सौ पनरह दौड़ मे हिस्सा लिहलें। तीन सौ सतहत्तर अभ्यिर्थी दौड़ क बाधा के पार कइलें। भर्ती रैली में बिहने जनरल ड्यूटी बदे जिला गाजीपुर अउर गोरखपुर के अभ्यिर्थिन के दौड़ होई।

**********

आजादी क अमृत महोत्सव में आजु कांसगंज जिला में हर घर तिरंगा अभियान के सफल बनवले क कार्ययोजना तैयार कइल गइल। मुख्य विकास अधिकारी बतउवलें कि हर घर तिरंगा अभियान तेरह से पनरह अगस्त ले चलावल जाइ। अभियान क खास उद्देश्य नागरिकन के मन में राष्ट्र प्रेम क भावना के जगवले क हौ।

**********

महान कवि, लेखक, समाजसुधारक अउर नोबल पुरसकार से सम्मानित गुरूदेव रविन्द्रनाथ टैगोर के आजु उनके पुण्यतीथि पर राष्ट्र श्रद्धांजलि दे रहल हवे। नोबल पुरसकार बिजेता अउर भारत के राष्ट्रगान के रचयिता के याद में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि साहस अउर सौन्दर्य आ बेदना के सथहीं मानवीय भावना के कई गो रंगन के समाहित आप क कालजई रचना दुनिया क अमूल्य धरोहर हौ।

**********

भदोही में आजु हैंडलूम दिवस के मउका पर जूट कार्पोरेसन इण्डिया के ओरि से एगो कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम के संबोधित करत जूट कार्पोरेसन के जनरल मैनेजर मार्केटिंग बतउलें कि भारत जूट क सबसे बड़हन उत्पादक देस हवे। एकरे प्रोत्साहन बदे सरकार के ओर से कई गो कोसिस कइल जा रहल हवे।

**********

अखंड सौभाग्य के समरपित हरियाली तीज आजु सरधा, भक्ति अउर हंसी खुसी के माहौल में मनावल जा रहल हौ। सुहागीन वृक्ष, नदियन अउर जल के देवता वरूण क उपासना कई के अपने सुहाग के लमहर उमिर क मंगल कामना कइ रहल हवे। अइसन मानल जाला कि येह दिन्न माता पार्वती भगवान शिव के आपन कठोर तपस्या से पवले रहलिन। येहि कड़ी में आजु मथुरा के बांके बिहारी मंदिर में हरीयाली तीज क पावन तिउहार हिंडोला उत्सव के रूप में मनावल जा रहल हौ।

**********

मथुरा में माफिया मुख्तार अंसारी क एक लाख रूपिया के ईनामी शार्प शूटर पंकज यादव के आजु भिन्नहीं यूपी एसटीएफ मुठभेंड़ में मार गिरवलस। मथुरा क फराह थाना इलाका में ई मुठभेड भइल।

**********